दिन—सोमवार दिनांक—30.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

कोसी आ गंडक बराज सँ पानि छोड़ल जयबाक कारणे बाढ़िक पानि कतेको नव क्षेत्रक संग विभिन्न नदी सभमे पहुँचि रहल अछि। जाहिसँ पश्चिमी चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सुपौल, दरभंगा, मधुबनी, सहरसा, अररिया, सीतामढ़ी, शिवहर सहित सोलह जिला बाढ़ि सँ प्रभावित अछि। एम्हर, गंडक, बुढ़ी गंडक, कोसी, बागमती, कमला बलान आ अन्य कतेको छोट नदी सभमे पानिक बेसी दबावक कारण विभिन्न स्थानक सुरक्षा तटबंध टुटि गेल अछि। सीतामढ़ी जिला मे बेलसंड प्रखंडक मधकौल, रिखौली आ रून्नीसैदपुर प्रखंडक तिलक ताजपुर मे बागमती नदीक तटबंध टुटि गेल अछि। जाहिसँ दर्जन भरि सँ बेसी गाम मे जनजीवन प्रभावित अछि। दरभंगा जिलाक किरतपुर प्रखंड अंतर्गत भुभौलक लऽग कोसी नदीक पश्चिमी तटबंध टुटि गेल अछि। जाहिसँ कतेको पंचायत सभमे बाढ़िक पानि प्रवेश कऽ गेल अछि। पश्चिम चंपारण जिला मे एक टा सुरक्षा बांध सेहो ध्वस्त भऽ गेल अछि। जल संसाधन विभाग बांधक मरम्मतक काज कऽ रहल अछि। भेटल जनतबक अनुसार आइ सेहो कोसी, गंडक आ बराहक बराज सँ पानि छोड़बाक क्रम जारी अछि। हमर सुपौल संवाददाता जनौलनि अछि जे कोसी बराज सँ दुपहर एक बजे धरि दू लाख चौदह हजार क्यूसेक सँ बेसी पानि छोड़ल गेल अछि।

---

जल संसाधन विभागक मुख्य सचिव संतोष कुमार मल्ल कहलनि अछि जे बांधक लऽग पास राति—दिन गश्ती कयल जा रहल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभमे राहत अभियान तेज कऽ देल गेल अछि। बाढ़िक बाद विस्थापित भेल लोकसभकेँ समुदायिक भनसाघर मे तैयार खेनाय देल जा रहल अछि। एम्हर, बाढ़िक विकट स्थिति के देखैत राष्ट्रीय आपदा मोचन बल— एनडीआरएफक छओ अतिरिक्त टीम के राहत काज मे लगायल गेल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभमे पहिने सँ उपलब्ध राष्ट्रीय आपदा मोचन बलक बारह आ राज्य आपदा मोचन बलक बाईस टा टीम राहत आ बचावक काज मे जुटल अछि।

---

एम्हर, नेपाल मे सेहो लगातार भऽ रहल बरखाक कारणे जानमालक भारी क्षति भेल अछि। बाढ़ि आ भू–स्खलन सँ जुड़ल घटना मे एक सय बेरानवे लोकक मृत्यु भऽ गेल जखनकि तीस लोक लापता अछि। नेपालक गृह मंत्रालयक प्रवक्ता ऋषिराम तिवारी जनौलनि अछि जे प्राकृतिक आपादाक घटना मे एक सय चौरानवे लोक घायल भेल अछि।

————————————————————————

एम्हर, कटिहार–जोगबनी रेलखंड पर रेल परिचालन सामान्य भऽ गेल अछि। कटिहार रेलमंडलक प्रबंधक सुरेन्द्र कुमार जनौलनि अछि जे जोगबनी स्टेशन यार्ड सँ पानि निकलि गेलाक बाद आइ भोर सँ सभ रेलगाड़ीक परिचालन जोगबनी धरि कयल जा रहल अछि। ध्यातव्य अछि जे बाढ़िक पानि रेल ट्रैक पर आबि जयबाक कारणे एहि रेलखंड पर रेलगाड़ीक परिचालन मात्र फारबीसगंज धरि कयल जा रहल छल।

————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे किछु स्थान पर मध्यम स्तरक बरखा भेल अछि। बेगूसराय मे सभसँ बेसी पैंतीस मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान पश्चिमी चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीवान, सीतामढ़ी, मधुबनी सहित प्रदेशक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्यक किछु स्थान पर बरखा होयबाक संभावना अछि। एहि दरमियान मेघगर्जन आ ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

————————————————————————

केन्द्र सरकार सभ राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश के आयुष्मान भारत योजनाक तहत सत्तर बरख सँ बेसी उमेरक सभ वरिष्ठ नागरिक कँ नाम दर्ज करबाक प्रक्रिया शुरू करबाक निर्देश देलनि अछि। स्वास्थ्य मंत्रालय एहि संबंध मे सभ राज्य के पत्र निर्गत कयलक अछि। पत्र मे कहल गेल अछि जे योजनाक लाभ लैबला सभ वरिष्ठ नागरिक आयुष्मान भारत मोबाईल ऐप या वेव पोर्टलक माध्यम सँ अपन नाम दर्ज करबा सकैत छथि। उमेरक निर्धारन आधार कार्ड सँ कयल जायत। नामांकनक लेल मात्र आधार कार्ड आश्यक दस्तावेज होयत।

————————————————————————

बेगूसराय जिलाक बरौनी–मुजफ्फरपुर मुख्य सड़क पर बगराहा डीह लऽग एक भीषण सड़क हादसा मे मोटरसाईकिल सवार तीन लोकक मृत्यु भऽ गेलनि।

मधुबनी जिलाक अंधामठ थाना क्षेत्रक रौआही गाम मे सर्पदंश सँ दू युवक के मृत्यु भऽ गेलनि।

गोपालगंज जिलाक कुचायकोट थाना क्षेत्रक अंतर्गत जमालपुर मे छापामारी करऽ गेल पुलिस टीम पर शराब तस्कर द्वारा फायरिंग कऽ देल गेल। गोलीबारीक एहि घटना मे होमगार्डक एक टा जवान घायल भऽ गेल। पुलिस जवाबी कार्रवाई मे गोली लगला सँ एक अपराधी सेहो घायल भऽ गेल।

———————————————————

समाप्त